

**TINDAK TUTUR NAMPIK BASA JAWA  
ING DESA RINGINPITU KEC. KEDUNGWARU KAB. TULUNGAGUNG**

**Dhimas Wahyu Suryo Utomo**

Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya,  
(dhimaswahyusuryoutomo@yahoo.co.id)

**Abstrak**

Ing sajrone masyarakat, mesthine ora bisa uwat saka tindak tutur. Tindak tutur ing masyarakat kuwi wujude akeh banget, salah sawijine yaiku tindak tutur nampik. Tindak tutur nampik mujudake respon negatif saka sawijine pangajak, panjaluk utawa tawa, paweweh, usul, panemu lan sapanunggalane. Saben wujud nduweni cara-cara kang beda kang dinggo dening masyarakat kang mujudake tindak tutur nampik. Anggone nindakake tindak tutur nampik, panutur mesti nggatake struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan unggah-ungguhing basa. Patang bab kuwi mau nduweni sesambungan kang wigati sajrone tindak tutur nampik.

Adhedhasar andharan kuwi mau, punjere panliten iki yaiku apa wae jinise tindak tutur nampik basa Jawa adhedhasar lageyane panutur lan adhedhasar penanggape mitra tutur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung? Adhedhasar punjere panliten, tujuwane panliten yaiku ngandharake lan njlentrehake apa wae jinise tindak tutur nampik basa Jawa adhedhasar lageyane panutur lan adhedhasar penanggape mitra tutur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung. Paedahe teoretis panliten iki yaiku ngrembakake teori tindak tutur, dene paedah praktis yaiku bisa menehi weruh marang masyarakat ngenani tindak tutur nampik lan ing ngendi kalungguhane minangka wong kang medharake nampik.

Panliten tindak tutur nampik iki sipate dheskriptif analisis. Teori kang digunakake yaiku teori tindak tutur. Dhata ing panliten iki awujud tuturan nampik kang dijupuk dening panliti ing lapangan nalika ana tuturan kang mujudake panampik. Sumber dhata ing panliten iki yaiku penganggone basa Jawa ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung kang dinggo dening pawongan nalika guneman. Tata carane nglumpukake dhata nggunakake metode simak lan metode cakap. Tata carane ngandharake nganggo metode konteks lan teks, dene njlentrehake dhata nganggo cara dheskriptif. Tata carane nyuguhake dhata kang wis diandharake nggunakake metode informal lan formal.

Asile panliten iki nuduhake yen ta jinise tindak tutur nampik adhedhasar lageyane panutur diperang dadi papat, yaiku tindak tutur nampik kanthi cara langsung blaka, tindak tutur nampik kanthi cara langsung samudana, tindak tutur nampik kanthi cara ora langsung blaka, lan tindak tutur nampik kanthi cara ora langsung samudana. Dene jinise tindak tutur nampik adhedhasar penanggape mitra tutur, diperang dadi rong werna, yaiku tindak tutur nampik kang ditampa kanthi teges wantah lan tindak tutur nampik kang ditampa kanthi teges entar.

**Tembung wigati:** tindak tutur, nampik, lageyane panutur, penanggape mitra tutur, struktur sosial, relasi sosial.

**A. PURWAKA**

**1. Landhesane Panliten**

Tindak tutur kang dinggo ing masyarakat Jawa kuwi wujude akeh banget, kaya dene ngabari, ngongkon, ngrasani, nylathu, nyemoni, nuturi, njaluk, nawani, nampik, lan liya-liyane. Saka sawenehe wujud-wujud tindak tutur kuwi mau ora bisa dipisahake saka masyarakat. Tuladhane kang bakal diandharake ing panliten iki, yaiku mung ngandharake ngenani tindak tutur nampik. Nampik ing kene minangka salah sawijine wujude tindak tutur kang wigati, jalaran tuturan kang awujud nampik iki munjerake tuturane kang diwedharake dening reaksine mitra tutur lan panutur. Saliyané kuwi, nampik uga mujudake respone kang *negatif*.

Panliten sadurunge kang ngandharake babagan teori tindak tutur yaiku Austin (1962) ing bukune kang kanthi irah-irahan "*How to Do Things with Word*". Ing buku kasebut diandharake ngenani anane telung jinise

tindak tutur, yaiku: (1) *lokusi*, (2) *ilocusi*, lan (3) *perllokusi*. Buku kasebut wus cetha diandharake ngenani wujude tindak tutur lan dayane dayane tindak tutur, nanging isih durung rowa lan njlimet wedharane, amarga ana bab-bab liya kang uga bisa ndayani tindak tutur kang isih durung kaandharake kanthi cetha. Labov (ing Sumarsomo, 2008:50) uga ngandharake menawa sawijine pawongan kang saka kelas sosial tartamtu, umur tartamtu, lan jinis kelamin, nggunakake *variasi* wujud tartamtu.

Tindak tutur kuwi bisa kadayan saka anane komponen sosial, yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial. Panliten-panliten sadurunge wis ana saperangan kang ngandharake babagan struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan aspek psikologise, saliyane kuwi uga ngandharake babagan wujud lan dayane ukara-ukara kang diwedharake dening panutur. Saka andharan ing ndhuwur mau, bisa didudut menawa panliten kang

ngandharake ngenani tindak turur isih perlu ditliti maneh kanthi jero lan njlimet.

Panliten iki ngandharake nampik kang klebu ing tindak *verbal*, yaiku mung ngenani penganggone basa kang awujud wedharan utawa tuturan kang langsung diwedharake kanthi lesan dening pawongan. Tindak turur nampik iki lumrahe kerep diwedharake dening pawongan kang diajak guneman utawa mitra turur. Nalika medharake panampik uga kudu nggatekake sapa wong kang ngajak guneman utawa panuture. Panliten iki mung ngandharake nampik kang diwedharake mligine ing masyarakat Desa Ringinpitu, Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulungagung. Anggone nindakake panliten ing papan kasebut, panliti ngerten i ngenani komponen sosiale, kang dumadi saka struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial.

## 2. Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur kuwi mau, underane panliten iki yaiku (1) apa wae jinise tindak turur nampik basa Jawa adhedhasar lageyane panutur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung? lan (2) apa wae jinise tindak turur nampik basa Jawa adhedhasar penanggape mitra turur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung?

## 3. Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur kuwi mau, tujuwane panliten iki yaiku (1) ngandharake apa wae jinise tindak turur nampik basa Jawa adhedhasar lageyane panutur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung? lan (2) ngandharake apa wae jinise tindak turur nampik basa Jawa adhedhasar penanggape mitra turur ing Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung?

## 4. Paedahe Panliten

Adhedhasar tujuwane panliten ing ndhuwur kuwi mau, paedaha panliten iki yaiku (1) paedah teoretis yaiku panliten iki bisaa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakake ilmu basa, mligine ilmu pragmatik kang ngandharake babagan kajian tindak turur kang wis ana sadurunge. Saliyané iku uga saora-orane bisa kanggo nambahi wawasan tumrap ilmu basa (lingusitik); lan (2) paedah praktis yaiku panliti, bisa kanggo nambah kawruh kanthi cetha babagan tindak turur; pamaos, bisa kanggo luwih nggampangake anggone nyinaoni ngenani tindak turur nampik lan nuduhake ing ngendi kalungguhane minangka wong kang nampik; ilmu basa, bisa kanggo nambah lan ngrembakake ilmu basa, mligine pragmatik babagan tindak turur; lan panliten sabanjure, bisa kanggo bahan referensi lan bandhingan kanggo nliti babagan tindak turur ing tembene.

## 5. Watesane Panliten

Ing panliten iki ana watesan-watesan kang dinggo amrih nggampangake anggone nliti. Anane watesan-watesan kasebut, amarga saka kurang rowane kawruh kang diduwensi panliti, lan supaya ora nggladrah utawa ora uwal saka konsepe panliten. Watesane ing panliten iki yaiku mung kang ngandharake babagan tuturan kang awujud nampik kang diwedharake mligine ing Desa Ringinpitu, Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulungagung.

## B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 1. Teori Tindak Turur

#### a. Tegese lan Titikane Tindak Turur Nampik

Omong-omongan mujudake salah siji proses *interaksi* ing antarane wong siji lan sijine ing masyarakat kang nuduhake anane respon saka mitra turur marang panutur. Respon kang awujud nampik kasebut mujudake respone mitra turur kang *negatif*, ateges ora nyaruji samubarang marang panutur. Anane wedharan nampik kasebut, jalaran mitra turur nyethakake *ketidakbisaan* lan *ketidaktinginan* kanggo tumidak utawa nglakoni apa kang dikarepake dening panutur. Tindak turur nampik bisa diwedharake dening mitra turur kanthi cara langsung (*eksplisit*) lan ora langsung (*implisit*).

Tembung-tembung kang dinggo medharake tuturan nampik, nduweni sesambungan karo tembung-tembung kang nduweni teges meh padha, kaya dene nyelaki, nyirik, lan mbantah. Tembung-tembung kang meh padha tegese kuwi mau, nduweni pambda ing antarane siji la sijine. Mula saka kuwi, ing panliten iki mung bakal diandharake ngenani tembung nampik, tinimbang tembung-tembung liyane kang meh padha tegese kuwi mau. Sudaryanto ngandharake, nampik, yaiku ngemohi, ora gelem nampa tumrap paweweh, usul, gagasan, lsp (2001:626).

Saka andharan ing ndhuwur kuwi mau, bisa didudut menawa tegese tindak turur nampik yaiku tumindak medharake tuturan nampik kang awujud verbal lan non verbal kang diwedharake kanthi cara blaka lan samudana, langsung (*eksplisit*) lan ora langsung (*implisit*) tumrap paweweh, usul, panemu, prentah, panjaluk, undhangan utawa pangajak, panyaru lan panari, lan sapanunggalane.

#### b. Tindak Turur Nampik Adhedhasar Lageyane Panutur

##### 1) Adhedhasar Cara kang Digunakake

Searle (ing Gunarwan, 2007:9) merang tindak turur adhedhasar lajur ilokusine dadi loro, yaiku tindak turur langsung lan tindak turur ora langsung, kang diandharake kaya mangkene.

Tindak turur langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Yen ana sesambungan langsung ing antarane struktur lan fungsi, mula diarani tindak turur langsung (Yule, 2006:95). Tindak turur langsung iki mujudake tindak turur kang ditindakake dening panutur langsung marang mitra tuture, tanpa lantaran wong katelu.

Tindak turur ora langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine panjaluk. Tindak turur ora langsung iki nduweni titikan yaiku anane wong katelu sajrone tuturan. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kasebut sajrone tuturan kanggo medharake apa kang dikarepake dening panutur. Bab iki ora amarga panutur ora bisa medharake kanthi langsung, nanging amarga panutur panceñ sengaja milih wujud ora langsung. Saliyane iku Yule (2006:95) uga nambahi, menawa yen ora ana sesambungan langsung ing antarane struktur lan fungsi, mula diarani tindak turur ora langsung.

## 2) Adhedhasar Cara Medharake Maksud

Sajrone tindak turur kang wigati yaiku carane medharake maksude tuturan. Jalaran maksud kuwi manggon ing sajerone tuturan, lan ndadekake tuturan kuwi mau bisa dingertení dening mitra tuture. Adhedhasar medharake maksude ing kene diperang dadi loro, kang diandharake kaya mangkene.

Maksud blaka, sajrone cecaturan ing masyarakat supaya apa kang dikarepake bisa dingertení maksude dening mitra turur kudune anggone medharake kudu blaka utawa apa anane, ora ana kang didhelikake. Jalaran tuturan kang diwedharake kuwi mau nduweni maksud lan tegese kang padha. Magepokan karo maksud kang blaka ing tindak turur nampik, Kartomihardjo (ing Nadar, 2009:98) ngandharake, menawa nampik kanthi blaka nggunakake tembung "ora" utawa tembung liya kang sajinis.

Samudana mujudake maksud kang diwedharake kanthi ora langsung ing sajerone tuturan. Maksud kuwi mau panceñ sengaja didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara. Ing tindak turur nampik uga nggunakake tetembungan utawa ukara kang nuduhake anane tegese liya, nanging mujudake nampik. Adhedhasar saka andharan kuwi mau, Rubin (ing Nadar, 2009:104) ngandharake, menawa ana 8 cara medharake nampik, yaiku: (1) meneng, ora menehi tanggapan, (2) nawakake sawijine *alternatif*, (3) *penundaan*, (4) nyalahake wong liya utawa pihak katelu, (5) nyingsir nampik kanthi langsung, (6) menehi tanggapan kang ora *spesifik*, (7) alesan, (8) ngandharake menawa sawijine pangajak utawa panari kang kurang apik. Kartomihardjo (ing Nadar, 2009:98) uga ngandharake, menawa ana wujud liya kang uga nuduhake nampik, kayata: (1)

nampik nggunakake alesan, (2) nampik nggunakake *syarat*, (3) nampik nggunakake usul, komentar, utawa pilihan, (4) nampik nggunakake wedharan "matur nuwun", (5) nampik nggunakake komentar, lan (6) nampik nggunakake *isyarat* non verbal.

## c. Tindak Turur Nampik Adhedhasar Penanggape Mitra Tutur

### 1) Tindak Turur Lokusi

Tindak turur lokusi yaiku tindak turur kanggo nyethakake samubarang. Ing tindak turur lokusi diasilake reroncene basa kang tegese samubarang (Ibrahim, 1993:15). Tindak turur lokusi kuwi wujude arupa ukara pawarta. Gamblange, tindak turur lokusi luwih gampang dingertení, jalaran omongan kang diwedharake dening panutur ora kudu ana respon utawa reaksine mitra turur. Amarga sajrone wedharan ora nggandhengake konteks wedharan (Wijana, 1996:17-18). Tindak turur lokusi luwih nitiki ing makna wedharan, tinimbang maksude.

### 2) Tindak Turur Ilokusi

Tindak turur ilokusi yaiku tindak turur kang ngemu maksud lan daya ing wedharane. Tindak turur ilokusi kadhangkala angel anggone dingertení, amarga kudu sesambungan karo medharake kanggo sapa, kapan, lan ing ngendi tindak turur kasebut ditindakake. Tindak turur ilokusi kalebu perangan kang wigati banget sajrone tindak turur, *verb* gegayutan andharan kang bakal utawa wis tau dilakoni panutur (Wijana, 1996:19).

### 3) Tindak Turur Perlokusi

Tindak turur perlokusi yaiku tindak turur kang carane medharake maksude kanggo menehi pangaribawa tumrap mitra turur (Wijana, 1996:20). Saliyane kuwi Leech (ing Tarigan, 2009:35) uga ngandharake, menawa tindak perlokusi yaiku nglakoni sawijine tumindak kanthi medharake samubarang.

## d. Setting Tindak Turur Nampik

Fishman (ing Alwasilah, 1990:14) ngandharake, menawa plataran sajrone tindak turur yaiku kahanan utawa situasi, panggonan utawa papan, lan wektu, dene amanat klebu situasi. Plataran kuwi mau uga ndayani marang wujude tindak turur, mligine tindak turur nampik. Tindak turur ora bisa dipisahake marang *situasi* kang nyengkuyung anane sawijine tuturan. Pawongan biyasane omong-omongan ing sawijine *situasi* sosial, kang miturut Fishman (ing Sumarsono, 2008:350) yaiku *kombinasi* latar (wektu lan panggonan) klawan sesambungan *peran* ing antarane para *partisipan* sajrone tindak (*komunikasi*) tartamtu. Kahanan utawa situasi uga ndayani marang tindak turur nampik. Kahanan ing kene dibedakake dadi loro, yaiku resmi lan ora resmi. Kahanan sajrone tindak

tutur nampik kang resmi kalebu cecaturane ing antarane paraga-paraga kang nglungguhi papan kang resmi, kayata pegawe-pegabe ing sekolah, kantor, bale desa, puskesmas utawa rumah sakit. Kahanan sajrone tindak tutur nampik kang ora resmi kalebu cecaturane ing kulawarga, karo tangga teparo, lan karo kanca.

## 2. Landhesane Teori

Teori kang digunakake kanggo nggarap underane panliten nomer 1 ngenani lageyane panutur, yaiku: (1) nggunakake teorine Searle (ing Gunarwan, 2007:9) merang tindak tutur adhedhasar lajur ilokusine dadi loro, yaiku tindak tutur langsung lan tindak tutur ora langsung; (2) nggunakake teorine Kartomihardjo (ing Nadar, 2009:98) ngenani maksud blaka, dene nggunakake teorine Rubin (ing Nadar, 2009:104) lan Kartomihardjo (ing Nadar, 2009:98) ngenani maksud samudana.

Dene teori kang digunakake kanggo nggarap underane panliten nomer 2 ngenani penanggape mitra tutur, yaiku teorine Searle (ing Nadar, 2009:14) kang merang tindak tutur dadi telu, yaiku: (1) *lokusi*, (2) *ilokusi*, lan (3) *perllokusi*. Saka telung perangan kuwi mau sejatine mujudake respone mitra tutur kang nampa utawa nangkep maksud saka wedharane panutur kanthi wantah lan maksud kanthi entar.

## C. METODHE

### 1. Sipate Panliten

Panliten ngenani tindak tutur nampik iki kagolong panliten kang sipate dheskriptif, yaiku kanthi ngandharake konteks lan teks. Konteks ing kene yaiku minangka perangan kang dumadi saka struktur lan relasi sosial antarane panutur lan mitra tutur. Teks ing kene yaiku wujude tuturane saka panutur lan mitra tutur. Saka konteks lan teks kasebut, bisa gampang anggone ngandharake lan njlentrehake. Panliten iki uga asipat *sinkronis*, tegese kang dirembug ing panliten iki yaiku tindak tutur nampik ing wektu saiki. Saliyane iku, panliten iki uga nengenake babagan sosiologine, amarga kang dideleng ing lapangan yaiku kahanane paraga lan basa kang digunakake nalika caturan utawa guneman.

### 2. Dhata lan Sumber Dhata

Dhata ing panliten iki yaiku kumpulan *fakta* kang arupa tuturan nampik kang dinggo lan diwedharake nalika caturan ing Desa Ringinpitu, Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulungagung. Dene sumber dhata ing panliten iki yaiku penganggone basa Jawa ing Desa Ringinpitu kang dinggo dening pawongan nalika guneman.

### 3. Instrumen Panliten

Instrumen ing panliten iki wigati banget, panliten iki bisa ditindakake amarga anane instrumen panliten. Instrumen ing panliten iki dibedakake dadi loro, yaiku instrumen *utama* lan instrumen panyengkuyung. Kapisan yaiku instrumen *utama*, kang dikarepake ing panliten iki yaiku panliti kuwi dhewe. Panliti ing panliten iki nduweni kalungguhan kang wigati banget, jalaran ing kene panliti anggone nglumpukake dhata-dhata kanthi langsung melu sesrawungan sajrone masyarakat umum. Kapindho yaiku instrumen panyengkuyung, kang dikarepake ing panliten iki yaiku piranti-piranti kang dinggo panliti kanggo nglumpukake dhata-dhatane nalika ing lapangan. Piranti kang dimaksud bisa uga awujud cathetan, kertu dhata lan piranti ngrekam. Piranti kuwi mau kang digunakake panliti nalika ing lapangan.

### 4. Tata Carane Panliten

#### a. Tata Cara Nglumpukake Dhata

Panliten ing panliten iki nggunakake rong metode, yaiku: (1) metode simak lan (2) metode cakap kaya kang diandharake dening Mahsun (2007:92-95). Kapisan yaiku metode simak kanthi nggunakake limang teknik, kayata sadhap, *simak libat cakap*, *simak bebas libat cakap*, rekam, lan cathet. Teknik sadhap yaiku nyemak kanthi cara diwujudake nampa sakabehing wedharan. Teknik *simak libat cakap* dilakoni kanthi melu lan nyemak ing caturan. Teknik *simak bebas libat cakap* yaiku nyemak tanpa melu ing caturan. Teknik rekam yaiku ngrekam sakabehing wedharan nganggo piranti utawa sarana rekam lan ora ngowahi lumrahe proses tumindak basa. Teknik cathet yaiku nyathet sakabehing wedharan nganggo utawa sarana tulis.

Kapindho yaiku metode cakap kanthi nggunakake patang teknik, kayata pancing, *cakap semuka*, *cakap tansemuka*, rekam, lan cathet. Teknik pancing yaiku ditindakake awujud mancing pawongan supaya medharake basane. Teknik *cakap semuka* yaiku mancing pawongan utawa kanthi langsung amrih medharake basane lan saka teknik iki bakal oleh dhata saakeh-akehe. Teknik *cakap tansemuka* yaiku panliti mancing informan utawa wong akeh amrih caturan kanthi tanpa semuka, nanging awujud tinulis.

Anggone golek dhata tutuean nampik ing lapangan, nggunakake rong pathokan kaya ing tabel ngisor iki.

**Tabel Struktur Sosial ing antarane Panutur lan Mitra Tutur**

No	Struktur Sosial	Perangane	Katrangan
1	Umur	Bocah	Umure 1-15 taun
		Enom	Umure 16-50 taun
		Tuwa	Umure luwih saka 50 taun
2	Jinis Kelamin	Lanang	
		Wadon	
3	Status Ekonomi	Endhek	
		Sedhengan	
		Dhuwur	

**Tabel Relasi Sosial ing antarane Panutur lan Mitra Tutur**

No	Relasi Sosial	Perangane
1	Paseduluran / Sedulur	Cedhak
		Adoh
2	Tetanggan / Tangga	Cedhak
		Adoh
3	Kekancan / Kanca	Akrab
		Kurang Akrab

#### b. Tata Cara Njlentrehake Dhata

Dhata-dhata kang dibutuhake wis kecekel, banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif. Tata carane dheskriptif yaiku tata carane ngeceki dhata kanthi nganggo tembung, dudu angka kanga bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka paraga panliten (Azwar, 1998:126). Saliyane kuwi uga kanthi cara metodhe distribusional (Sudaryanto,1993:13), yaiku ngolah dhata kang arupa basa kanthi cara nemtokake perangane basa iku dhewe, utawa wujud lan blegere basa kang digunakake.

Ing panliten iki nganggo metode *konteks* kanthi cara ngandharake daya pragmatis sajrone dhata tindak turur, sabanjure asile panliten diandharake nganggo metode *tekstual*. Tata cara ngandharake dhata ing panliten iki saora-orane diperang dadi loro, kang kapisan yaiku dhata kang dikumpulake saka informan diandharake adhedhasar *konteks* kang ndayani struktur sosiale paragane, kayata, umur, jinise kelamin, lan status ekonomi. Kapindho yaiku dhata sabanjure diandharake kanthi *tekstual*. Kanthi *tekstual*, panliti merang omongan dadi perangan-perangan nampik adhedhasar saka relasi sosiale, kaya dene paseduluran, tangga, lan kanca.

#### c. Tata Cara Nyuguhake Dhata kang wis Dijlentrehake

Sakabehing dhata ing panliten iki yaiku wujude tindak turur nampik banjur diandharake kanthi rong metode, kang kapisan metode *informal*, njlentrehake asile andharan dhata kanthi cara nganggo basa. Dene kang kapindhone metode *formal*, yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan lambang-lambang (Sudaryanto,

1993:145). Tandha kang dikarepake ing panliten iki yaiku arupa tandha pethik (“....”) kanggo nengeri tuturan utawa wedharan kang ngemu teges nampik, tandha (.....→.....) kanggo matesi antarane panutur lan mitra tutur, lan tandha (...../.....) kanggo matesi antarane struktur sosial lan relasi sosial. Dene lambang kang dinggo yaiku arupa cekakan saka dhasar-dhasar ing tindak turur nampik yaiku umure panutur bocah (UPB), umure panutur enom (UPE), umure panutur tuwa (UPT), jinis kelamin lanang (JKL), jinis kelamin wadon (JKW), status ekonomi endhek (SEE), status ekonomi sedhengan (SES), status ekonomi dhuwur (SED), sedulur cedhak (SDC), sedulur adoh (SDA), tangga cedhak (TGC), adoh (TGA), kanca akrab (KAK), lan kanca kurang akrab (KKA).

Asile andharan ing ndhuwur kuwi mau kaya ing tabel ing ngisor iki.

**Tabel Tindak Turur Nampik tumrap Panutur lan Mitra Tutur**

No	Struktur Sosial			Lambang
	Umur	Jinis Kelamin	Status Ekonomi	
1	UPB	JKL	SEE	UPB-JKL-SEE
			SES	UPB-JKL-SES
			SED	UPB-JKL-SED
		JKW	SEE	UPB-JKW-SEE
			SES	UPB-JKW-SES
			SED	UPB-JKW-SED
	UPE	JKL	SEE	UPE-JKL-SEE
			SES	UPE-JKL-SES
			SED	UPE-JKL-SED
		JKW	SEE	UPE-JKW-SEE
			SES	UPE-JKW-SES
			SED	UPE-JKW-SED
2	UPT	JKL	SEE	UPT-JKL-SEE
			SES	UPT-JKL-SES
			SED	UPT-JKL-SED
		JKW	SEE	UPT-JKW-SEE
			SES	UPT-JKW-SES
			SED	UPT-JKW-SED
	UPT	JKL	SEE	UPT-JKL-SEE
			SES	UPT-JKL-SES
			SED	UPT-JKL-SED
		JKW	SEE	UPT-JKW-SEE
			SES	UPT-JKW-SES
			SED	UPT-JKW-SED

#### D. ANDHARAN ASILE PANLITEN

1. Jinise Tindak Turur Nampik Adhedhasar Lageyane Panutur
- a. Tindak Turur Nampik kanthi Cara Langsung Blaka

- (1) P : Mas, aku terna ngaji!  
MT: **Mlaku dhewe, wis gedhe panggah kon ngeterne ae. Genah cedheg barang.**  
P : Kesel aku, terna ta mas!  
Konteks: Adhine njaluk tulung ngongkon ngeterne ngaji, nalika mase lagi lungguh ing teras ngarep omah.  
(UPB-JKW-SES → UPE-JKL-SES / SDC-omah-ora resmi).  
P : *Mas, antarkan aku mengaji!*  
MT: *Jalan sendiri, sudah besar kok tetap saja minta diantar. Sudah jelas jaraknya juga dekat.*  
P : *Aku capek, antarkan dong mas!*  
Konteks: Adik minta tolong menyuruh diantarkan pergi mengaji, ketika kakaknya sedang duduk di teras depan rumah.  
(UPB-JKW-SES → UPE-JKL-SES / SDC-rumah-tidak resmi).

Dhata (1) kasebut dumadi saka panuture golongan bocah wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPB-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure enom, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi sedulur cedhak (SDC), yaiku panutur adhine mitra tutur. Tindak turur kasebut katindakake ing omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (1) yaiku nalika wektu sore panutur njaluk tulung marang mase supaya ngeterake menyang langgar, jalaran arep ngaji. Panutur anggone ngongkon mase kang umure luwih tuwa saka dheweke ora nggatekake unggah-ungguhing basa, jalaran isih durung ngerteni bab kuwi. Dadi panutur langsung blaka ngongkon marang mitra tutur “*Mas, aku terna ngaji!*”. Mase kang nalika kuwi lagi lungguh ing teras ngarep omah sawise nyirami kembang weruh yen ta adhine njaluk tulung ngeterake, mula dheweke nampik “*Mlaku dhewe, wis gedhe panggah kon ngeterne ae. Genah cedheg kok ya kon ngeterne?*”.

Adhedhasar andharan kuwi mau, alesane mitra tutur nampik panjaluke adhine sing ngongkon ngeterake ngaji yaiku mase nganggep yen ta adhine kuwi wis gedhe lan mesthine uga bisa budhal dheweke kanthi cara mlaku. Saliyane kuwi uga jarake omah karo langgare kang cedhak watara 50 meter. Nanging dhasar sing jenenge bocah cilik sing ngalem, panutur ora nggatekake marang apa wae alesane mase lan uga tetep meksa mase supaya ngeterake budhal ngaji, kanthi kandha yen ta dheweke kesel. Tegese, saka andharane panutur kuwi mau uga nuduhake nampik marang alesane mase kang ora gelem anggone ngeterake dheweke menyang langgar. Ukara kang diwedharake dening panutur klebu ukara pakon lan panampike mitra tutur klebu ing tindak turur ilokusi. Amarga mitra tutur ora gelem marang apa kongkonane

adhine, mula dheweke ora nindakake apa kang wis diwedharake dening adhine mau.

Tuturan (1) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi langsung blaka amarga panutur lan mitra tutur ana ing sapanggonan utawa lagi adhep-adhepan, yaiku nalika ing teras ngarep omah panutur arep budhal ngaji lan mitra tutur mentas wae nyirami kembang. Anane diwedharake kanthi langsung blaka yaiku supaya wong sing dijak omong-omongan ngertenin lan ora salah tampa. Bab sing ditampik yaiku kongkonane panutur marang mitra tutur kang supaya mitra tutur ngeterake panutur ngaji. Saliyane kuwi uga sing ditampik yaiku alesane mitra tutur kang ora gelem ngeterake panutur budhal ngaji. Nampik diwedharake kanthi cara ngongkon marang wong kang ngongkon, yaiku mitra tutur ngongkon bali marang panutur supaya budhal dhewe amarga mitra tutur nganggep yen ta panutur wis gedhe mula bisa budhal ngaji dhewe.

- (2) P : Pak Ko, sareng kula ngga! Kula nggih ajenge ngilen.  
MT: **Wis ora usah, andak mung cedhak kono kuwi kok.**  
P : Saestu?  
MT: Iya, wis dhisika ae.  
Konteks: Nawani bareng numpak motor nalika kepethuk ing dalam.  
(UPE-JKL-SES → UPT-JKL-SES / TGC-dalan-ora resmi).  
P : *Pak Ko, mari pergi bersama saya! Saya juga akan pergi ke barat.*  
MT: *Sudahlah tidak usah, hanya dekat situ saja kok.*  
P : *Yakin?*  
MT: *Iya, kamu pergi duluan saja.*  
Konteks: Menawarkan pergi bersama naik motor bersama ketika bertemu di jalan.  
(UPE-JKL-SES → UPT-JKL-SES / TGC-jalan-tidak resmi).

Dhata (2) kasebut dumadi saka panuture golongan umure enom, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKL-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi tangga cedhak (TGC). Tindak turur kasebut katindakake ing dalam kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (2) yaiku panutur kang lagi numpak motor mangulon parane, weruh mitra tutur kang uga lagi mlaku mangulon. Panutur banjur nawani mbarengi mitra tutur. Wis dadi lageyane ing masyarakat yen weruh wong sing ditepungi kanthi akrab banget utawa tangga cedhak kuwi mlaku ijen, mesthi wae nawani mbarengi. Senajan ora padha tujuwane, nanging saora-orane padha parane. Andharan kuwi mau jumbuh kaya ing tuladha dhata (2) ing ndhuwur.

Ing kene panutur kang arep mangulon parane weruh mitra tutur ing dalam, mula panutur kang wis tepung klawan mitra tutur uga langsung nawani bareng mangulon, senajan ora adoh. Panutur nduweni maksud supaya mitra tutur ora kesel anggone mlaku, kamangka

parane uga padha mangulone. Relasi ing antarane panutur lan mitra tutur yaiku tangga cedhak, dadi ora madio yen ta panutur langsung blaka nawani mitra tutur bareng mangulon. Mokal ditemoni wong yen ora tepung sadurunge gelem nawani bareng.

Sabanjure mitra tutur kang rumangsa panggonan sing diparani kuwi ora adoh, mula dheweke nampik tawane panutur kanthi menehi alesane nampi, yaiku nuduhake yen panggonan kang dituju mung cedhak senajan ora cedhak. Ing ngendi wae yen ditawani bareng, mesthi wong kang ditawani kuwi kandha yen panggonan kang diparani wis cedhak, mula nampik tawane wong liya. Panutur kang tawane ditampik dening mitra tutur banjur ngrespon panampike mitra tutur kanthi takon kang ngemu maksud ngenahake marang mitra tutur. Mitra tutur kang tetep ora gelem dibarengi, uga kandha kang ora gawe gelane panutur.

Saka ukarane panutur kang nawani mitra tutur mau nuduhake yen ta ukarane klebu ukara pakon, jalaran ukara kang diwedharake nyata-nyata ngongkon supaya numpak bareng, dene panampik kang diwedharake dening mitra tutur mujudake penangkep kang negatif lan klebu tindak tutur ilokusi, jalaran mitra tutur ora nindakake apa kang dikarepake dening panutur.

Tuturan (2) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi langsung blaka amarga panutur lan mitra tutur ana ing sapanggonan utawa lagi adhep-adhepan, yaiku nalika panutur lan mitra tutur ora sengaja kepethuk ing dalan. Anane diwedharake kanthi langsung blaka yaiku supaya wong sing dijak omong-omongan ngertenan lan ora salah tampa. Bab sing ditampik yaiku panutur kang nawani mitra tutur numpak montor bareng menyang ngulon. Saliyane kuwi uga nampik marang alesane mitra tutur kang kandha yen ta papan kang dituju cedhak, kamangka isih lumayan adoh. Nampik diwedharake kanthi cara nggunakake tembung kang ngemu maksud “matur nuwun” lan nakoni bali marang wong kang nampik kasebut kang ngemu maksud negesake yen ta tenenan apa ora dheweke wis nampik tawane panutur.

## b. Tindak Tutur Nampik kanthi Cara Langsung Samudana

- (3) P : Le, bal-balanan yoh!

MT: **Panas ngene ki lo!**

P : **Wis ta ayo, mari ngene ya iyup kok.**

Konteks: Ngajak bal-balanan nalika kahanane isih panas.

(UPB-JKL-SES → UPB-JKL-SES / KAK-dalan-ora resmi).

P : **Kawan, ayo main sepakbola!**

MT: **Panas begini lo!**

P : **Sudahlah ayo, sebentar lagi juga redup.**

Konteks: Mengajak bermain sepakbola ketika cuacanya masih panas.

(UPB-JKL-SES → UPB-JKL-SES / KAK-jalan-tidak resmi).

Dhata (3) kasebut dumadi saka panutre golongan bocah lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPB-JKL-SES). Mitra tuture saka golongan bocah lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPB-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduwensi relasi kanca akrab (KAK). Tindak tutur kasebut katindakake ing dalan kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (3) yaiku ngajak bal-balananlik ahanane isih panas. Menawa digatekake maneh, ukarane panutur anggone ngajak mitra tuture yaiku “Le, bal-balanan yoh!” kasebut, nuduhake yen ta bocah sakloron kuwi mau nduwensi relasi kang kurang akrab. Buktine saka ukarane panutur kang nganggo tembung sesulih “Le”, menawa yen wis akrab mesthine anggone ngajak, cukup nganggo jenenge mitra tutur utawa jeneng celukan lan wadanan wae.

Mitra tutur kang uga weruh yen ta kahanane nalika dijak kuwi bener-bener panas banget, mula mitra tutur nampik anggone dijak. Ukara “*Panas ngene ki lo!*” mujudake nampik kanthi samudana lan klebu tindak tutur ilokusi. Nanging sing jenenge bocah ora nggatekake kahanane kang nalika kuwi panas apa ora, pokoke angger dolanan wae.

Saliyane kuwi panutur kang ora perduli lan ora nggatekake marang kahanane sing lagi panas, mulane dheweke tetep kukuh anggone ngajak mitra tuture kanthi menehi andharan “*Wis ta ayo, mari ngene ya iyup kok*”. Andharan kuwi mau ngemu maksud supaya mitra tutur luwih yakin marang panutur yen ta kahanane sedhela maneh wis iyup lan supaya gelem tenan dijak bal-balanan. Nanging kang cetha panutur nampik omongane mitra tutur kang kandha yen ta kahanane sik panas. Dideleng saka ukarane panutur klebu ukara pangajak.

Tuturan (3) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi langsung samudana amarga panutur lan mitra tutur ana ing sapanggonan utawa lagi adhep-adhepan, yaiku nalika kepethuk ing pinggir dalan lan banjur omong-omongan. Anane diwedharake kanthi samudana yaiku nyethakake yen ta kahanane nalika kuwi lagi panas banget, nanging saka wedharan nampik kanthi samudana kuwi tetep ngemu maksud nampik. Bab sing ditampik yaiku pangajake panutur supaya dolanan bal-balanan. Nampik diwedharake kanthi cara nggunakake tembung utawa ukara liya kang ngemu maksud nampik.

- (4) P : Permisi buk.

MT: **Prei sik ya mas.**

P : Nggih

Konteks: Ana pengamen kang mara menyang omah.

(UPE-JKL-SEE → UPT-JKW-SES / KKA-latar omah-ora resmi).

P : **Permisi bu.**

MT: **Lain kali saja ya mas.**

P : **Iya.**

Konteks: Ada pengamen yang datang ke rumah.  
(UPE-JKL-SEE → UPT-JKW-SES / KKA-halaman rumah-tidak resmi).

Dhata (4) kasebut dumadi saka panuture golongan umure enom, lanang, lan status ekonomine endhek (UPE-JKL-SEE). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKW-SES). Saka rong paraga kasebut nduwени relasi kanca kurang akrab (KKA). Tindak turur kasebut katindakake ing latar omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (4) yaiku ana pengamen sing mara menyang sawijine omah. Ing ngendi-ngendi wae sing jenenge pengamen kuwi padha wae, nanging mesthine tetep uga ana bedane. Kaya ing dhata (4) kuwi mau, ing kono wis dicethakake menawa pengamen kasebut isih nduwени unggah-ungguh, jalaran njaluk idin yen arep ngamen marang wong sing duwe omah. Cukup kandha “*Permisi buk*” wae mitra tutur wis ngerteni yen ta panutur arep ngamen menyang omahe.

Saka ukarane panutur mau bisa digolongake ukara pawarta, jalaran panutur menehi weruh marang mitra tuture yen arep ngamen. Ukara “*Prei sik ya mas*” nuduhake nampik kanthi samudana marang pengamen. Panampike mitra tutur kuwi mau klebu ing tindak tutur ilokusi lan nyethakake penangkep kang negatif. Kanthi kandha kang kaya mangkono kuwi, panutur mesthine uga ngerteni karepe mitra tutur yen ora gelem dingameni, mula dheweke uga ngrespon langsung pamit ngalih. Mitra tutur anggone nampik uga kanthi alus senajan karo pengamen, jalaran ngajeni wong liya sing ora akrab lan ora tau ditepungi babar pisan.

Tuturan (4) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi langsung samudana amarga panutur lan mitra tutur ana ing sapanggonan utawa lagi adhep-adhepan, yaiku sawijine omah sing ditekani dening pengamen. Anane diwedharake kanthi samudana yaiku wis dadi pakulinane wong sing nampik pengamen sing nekani omahe yaiku cukup kandha “*prei sik*” kuwi wis nuduhake nampik. Bab sing ditampik yaiku tekane pengamen kanga rep ngamen ing omahe mitra tutur. Nampik diwedharake kanthi cara nggunakake tembung utawa ukara liya kang ngemu maksud nampik, yaiku kandha prei marang panutur utawa pengamen.

### c. Tindak Turur Nampik kanthi Cara Ora Langsung Blaka

(5) P : Pak Khusnul, kula dititipi pesen saking ibuk, mbenjing njengenan disuwun dados ingkang maos ayat suci Qur'an nggih?

MT: Ngapunten lo mbak, matura ibuk ya, iki mripatku ya pas lara kaya ngene iki, dadi sesuk upama digenteni karo bojoku ngono wae ya?

P : Oh ngoton, nggih pun. Mengke kula aturne ibuk.

Konteks: Nembung njaluk tulung marang wong liya kanggo maca Qur'an ingadicara temu mantan.  
(UPE-JKW-SED → UPT-JKL-SES / TGC-dalan-ora resmi).

P : Pak Khusnul, ibu titip pesan pada saya, besok anda dimintai tolong menjadi yang membaca ayat suci Qur'an ya?

MT: Mohon maaf mbak, sampaikan pada ibu ya, ini mata saya juga sedang sakit seperti ini, jadi besok misal diganti oleh istri saya saja ya?

P : Begitu, iya sudah. Nanti saya sampaikan ke ibu.

Konteks: Meminta tolong pada orang lain untuk membaca Qur'an di acara temu pengantin.

(UPE-JKW-SED → UPT-JKL-SES / TGC-jalan-tidak resmi).

Dhata (5) kasebut dumadi saka panuture golongan umure enom, wadon, lan status ekonomine dhuwur (UPE-JKW-SED). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduwени relasi tangga cedhak (TGC). Tindak turur kasebut katindakake ing dalan kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (5) yaiku nembung njaluk tulung marang wong liya kanggo maca Qur'an ingadicara temu mantan. Panutur nemoni mitra tutur kanthi lantaran anake lan kandha yen ta dheweke dititipi pesen saka ibuke menawa ingadicara temu mantan sesok mitra tutur disuwun dadi sing maca Qur'an. Saka ukarane panutur mau nuduhake menawa dheweke nembung mitra tutur kang ateges ngongkon utawa njaluk tulung marang mitra tutur supaya dadi sing maca Qur'an. Mitra tutur kang lagi lara mripat banjur nampike, panjaluke panutur nanging dheweke menehi usulan utawa nawani panutur kepriye yen dheweke diganteni dening bojone.

Panampike mitra tutur kasebut nuduhake penangkep kang negatif lan klebu tindak tutur ilokusi sarta mujudake nampik kang ora langsung, nanging kanthi blaka anggone nampik. Sawise kuwi panutur banjur ngrespon kanthi gelem utawa nyarujuki apa kang dadi usulane mitra tutur. Dideleng saka relasi ing antarane paraga ing dhata (5) kasebut, nuduhake tangga cedhak. Amarga wis tepung sadurunge, mulane yen omong-omongan uga katon akrab, saliyane kuwi uga panutur kang nganggo basa nalika omong-omongan, uga nuduhake yen ta dheweke umure luwih enom tinimbang panutur.

Tuturan (5) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi ora langsung amarga panutur ing kene mung dititipi pesen saka panutur sing satenane supaya ngaturake omongane marang mitra tutur. Anane diwedharake kanthi blaka yaiku supaya wong sing dijak omong-omongan ngertenin lan ora salah tampa. Bab sing ditampik yaiku panjaluke panutur kang kepengin mitra tutur supaya dadi maca Qur'an nalika ing temu mantan. Nampik diwedharake kanthi cara menehi alesan ngapa dheweke nampik yaiku mripate lagi lara. Saliyane kuwi

anggone nampik uga menehi usul yen ta bojone wae sing maca Qur'an nalika ing temu manten.

- (6) P : Mbak, aturna ibuke, ngersakne jampi napa boten? Wonten kunir asem, kencur, temulawak.

MT: **Mbenjing mawon bu, sing wingi tasik enten.**

P : Oh nggih mbak, mangga.

Konteks: Bakul jamu ideran sing lagi nawakake dagangane. (UPT-JKW-SES → UPE-JKW-SES / KKA-latar omah-ora resmi).

P : *Mbak, sampaikan pada ibumu, menginginkan jamu apa tidak? Ada kunir asem, kencur, temulawak.*

MT: *Besok saja bu, yang kemarin masih ada.*

P : *Oh iya mbak, mari.*

Konteks: *Penjual jamu keliling yang sedang menawarkan dagangannya.*

(UPT-JKW-SES → UPE-JKW-SES / KKA-halaman rumah-tidak resmi).

Dhata (6) kasebut dumadi saka panutre golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure enom, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKW-SES). Saka rong paraga kasebut nduwени relasi kanca kurang akrab (KKK). Tindak turur kasebut katindakake ing latar omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (6) yaiku bakul jamu ideran sing lago ider nawakake dagangane. Panutre kang dadi bakul jamu ideran mesthi nduwени pakulinan kang tujuwane kanggo nawakake dagangane kang arupa jamu marang wong-wong kang ditemoni ing dalam-dalan. Panutre kandha "*Mbak, aturna ibuke, ngersakne jampi napa boten? Wonten kunir asem, kencur, temulawak*". Kang dikarepake saka ukara kasebut yaiku panutre ngongkon wong liya supaya ngaturake ibune ngersakake jamu apa ora lan uga menehi weruh apa wae jinis jamu sing ditawakake.

Ing kono cetha yen ta sejatiné panutre kepengin cecaturan klawan mitra turur, nanging ora kepetuhk mula kanthi lantaran anake mitra turur. Mitra turur kang dikongkon ngaturake marang ibune ngrespon omongane panutre yaiku nampik kanthi alus kandha yen semaya utawa njenjeni yen sesuk wae anggone tuku jamu, jalaran jamu sing tuku dina wingi durung entek lan supaya ora gawe gelane panutre yen ditampik. Panampik kasebut nuduhake tindak turur ilokusi lan penangkep kang negatif.

Saliyane kuwi uga mujudake nampik kanthi blaka kang ora langsung. Weruh yen ditampik tawane kuwi mau, banjur panutre ngrespon kanthi kandha pamit ngalih marang mitra turur. Dideleng saka relasine ing antarane panutre lan mitra turur ing dhata ndhuwur kuwi mau nuduhake yen kurang akrab. Relasi kang kurang akrab kasebut ora ndadekake omong-omongan ngenani samubarang ora bisa ditindakake. Panutre lan mitra turur tetep ngugemi sing jenenge unggah-ungguh basa senajan panutre luwih tuwa tinimbang mitra turur, nanging mitra

tutur tetep nganggo basa anggone omong-omongan, amarga prenahe kang luwih enom.

Tuturan (6) kasebut panutre nampik nggunakake cara kanthi ora langsung amarga panutre kepengin omong-omongan klawan mitra turur, nanging lumantar wong liya utawa wong katelu yaiku anake. Anane diwedharake kanthi blaka yaiku supaya wong sing dijak omong-omongan ngerten lan ora salah tampa. Bab sing ditampik yaiku tawane panutre ngenani mitra turur kepengin tuku jamu apa ora. Nampik diwedharake kanthi cara njanjeni marang panutre menawa tuku jamune sesuk wae amarga jamu sing dituku wingi isih durung entek.

#### d. Tindak Turur Nampik kanthi Cara Ora Langsung Samudana

- (7) P : Buk, omongna pake, aku tukokna boneka kaya neng TV kuwi mau ya?

MT: **Ya, lek wis bayaran ya?**

P : Sesuk ya?

MT: Iya.

Konteks: Nalika ndelok TV, panutre weruh ana promosi ngenani boneka lan njaluk ditukokake boneka marang bapake.

(UPB-JKW-SES → UPT-JKW-SES / SDC-omah-ora resmi).

P : *Bu, sampaikan pada bapak, belikan saya boneka seperti di TV itu tadi ya?*

MT: *Iya, kalau sudah gajian ya?*

P : *Besok ya?*

MT: *Iya.*

Konteks: *Ketika melihat TV, penutur mengetahui ada sponsor tentang boneka dan meminta dibelikan boneka oleh ayahnya.*

(UPB-JKW-SES → UPT-JKW-SES / SDC-rumah-tidak resmi).

Dhata (7) kasebut dumadi saka panutre golongan bocah wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPB-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKW-SES). Saka rong paraga kasebut nduwени relasi sedulur cedhak (SDC), yaiku mitra turur ibune panutre. Tindak turur kasebut katindakake ing omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (7) yaiku nalika ndeleng TV, panutre weruh yen ta ana promosi ngenani boneka barby. Sanalika kuwi panutre matur marang mitra tuture, yaiku bapake kanthi lantaran ibune kang uga ana ing sandhinge "*Buk, omongna pake, aku tukokna boneka kaya neng TV kuwi mau ya?*". Adhedhasar ukara kang diandharake dening panutre kasebut, nuduhake ukara panjaluk lan ukara pakon. Jalaran anane panutre kandha kang kaya mangkono kuwi mau mesthine mbuthuhake anane tanggepan saka ibune.

Nanging tanggepan ibune ora nyembadani apa kang dikarepake dening panutre, mula langsung mangsuli "*Ya, lek wis bayaran ya?*". Saka ukara kuwi nuduhake menawa nampik kanthi samudana lan ora langsung,

amarga kang dikarepake dening panutur yaiku bapake, nanging krana ana lantaran ibune mula diarani ora langsung. Andharane ibune mau klebu njanjeni marang panutur menawa bapake gelem nukokake boneka sawise mitra tutur wis bayaran. Dhasar pamikire bocah cilik, apa kang dibutuhake kudu cepet, mula panutur nampik kang dadi janjine ibune lan njaluk sesuk supaya ditukokake boneka.

Panampik kang diwedharake dening ibune apa dene panutur kuwi mau nuduhake wujud penangkep kang negatif. Ibune banjur ngrespon marang panutur, "Iya". Saka wangslane kuwi sejatine ngemu maksud nampik marang panutur, amarga supaya nglegakne anake sing isih cilik senajan anggone mangsuli kuwi mau ngapusi. Relasi kang cedhak, mliline anak sing isih cilik lan ibune, mula anggone cecaturan nganggo basa ngoko wae.

Tuturan (7) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi ora langsung amarga panutur ing kene kepengin ngomong klawan mitra tuture, nanging kanthi lumantar wong katelu utawa wong liya, yaiku ibuke supaya ngaturake marang bapake yen ta dheweke kepengin ditukokake boneka kang kaya ing TV. Anane diwedharake kanthi samudana yaiku mitra tutur anggone nampik ora blaka yen ora gelem nukokake, nanging uga ngemu maksud nyinaoni panutur yen ta nduweni kekarepan ora srantan langsung kasembadan utawa kelakon. Bab sing ditampik yaiku panjaluke panutur marang boneka sing mentas dideleng saka TV. Nampik diwedharake kanthi cara njanjeni utawa nyemayani panutur nukokake boneka sawise bayaran.

- (8) P : Pak, ibuke sampeyan kandhani nggih, bidhale mengke majeng jam 1. Diken bidhal jam 1 mawon kalah mrikané.

MT: **Njenengan tilar mawon, niki nembe ngebel lek enten rapat ndadak teng sekolahán. Paling wangsule mengke jam setengah 3.**

P : Oh nggih pun lek ngoton. Mangga pak.

MT: Nggih.

Konteks: Ngandhani yen ngeterake mantan sidane budhal jam 1 awan.

(UPE-JKW-SES → UPE-JKL-SES / TGC-dalan-ora resmi).

P : *Pak, tolong istri anda diberi tahu ya, berangkatnya nanti maju menjadi jam 1. Disuruh berangkat jam 1 saja oleh pihak sana.*

MT: *Ibu tinggal saja, ini baru saja telfon saya jika ada rapat mendadak di sekolah. Mungkin pulang nanti sekitar jam setengah 3.*

P : *Oh iya sudah. Mari pak.*

MT: *Iya.*

Konteks: *Memberi tahu jika mengantar pengantin jadi berangkat jam 1 siang.*

(UPE-JKW-SES → UPE-JKL-SES / TGC-jalan-tidak resmi).

Dhata (8) kasebut dumadi saka panutre golongan bocah wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPE-

JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi tangga cedhak (TGC). Tindak tutur kasebut katindakake ing dalan kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (8) yaiku Ngandhani yen ngeterake mantan sidane budhal jam 1 awan. Panutur kandha marang mitra tutur kanthi lantaran wong liya ngenani acara ngeterake mantan budhale jam 1 awan. Anane panutur ngabari utawa ngandhani kuwi mau, jalaran mitra tutur uga diundang utawa disuwun kanggo ngeterake mantan karo rombongan. Sadurunge anggone ngeterake kuwi jam 2, mula panutur ngabari mitra tuture kanthi lantaran wong liya utawa bojone. Bojone mitra tutur kasebut nampik marang panutur, jalaran mitra tutur kang dadi guru sadurunge telpon dheweke yen ta ana rapat ndadak ing sekolahán lan mulihe kira-kira jam setengah 3, dadi ora bisa melu ngeterake mantan.

Panampike kuwi mau nuduhake ora langsung lan kanthi samudana, jalaran anggone nampik lantaran wong liya. Saliyane kuwi nampik mujudake tindak tutur ilokusi, amarga klebu wangslan kang negatif. Sabanjure panutur ngrespon saka panampike bojone mitra tutur kanthi kandha menawa ora apa-apa yen mitra tutur ora melu anggone ngeterake, jalaran ana rapat ndadak ing sekolahán. Saka relasi kang raket jalaran tangga cedhak, anggone omong-omongan uga nganggo basa kang alus senajan umure kang padha enome.

Tuturan (8) kasebut panutur nampik nggunakake cara kanthi ora langsung amarga panutur kang sejatine kepengin omong-omongan klawan mitra tuture, lumantar wong katelu utawa wong liya, yaiku ing kene bojone mitra tutur. Anane diwedharake kanthi samudana yaiku mitra tutur malah ngongkon panutur ninggal, mitra tutur isih ana rapat ndadak ing sekolahán. Bab sing ditampik yaiku panjaluke panutur kag kepengin mitra tutur melu ngeterake mantan sing budhale maju dadi jam 1 awan. Nampik diwedharake kanthi cara ngongkon panutur supaya ninggal lan menehi alesan ngapa nampik, yaiku yen bojone isih ana rapat ing sekolahán, lan mulihe watara jam 3.

## 2. Jinise Tindak Tutur Nampik Adhedhasar Penanggape Mitra Tutur

### a. Tindak Tutur Nampik kang Ditampa Kanthi Wantah

- (9) P : Mas, kopi karo es teh. Pira?

MT: **Wis ora usah Pak Jit.**

P : **Piye ta kok ora usah ki?**

MT: **Wis ta etung-etung matur suwun, wingi wis nulungi aku.**

Konteks: Nalika marung, panutur dipenging supaya kopine ora dibayar.

(UPT-JKL-SES → UPT-JKL-SED / KAK-warung-ora resmi).

P : *Mas, kopi dan es teh. Berapa?*  
 MT: Tidak perlu saja Pak Jit.  
 P : *Bagaimana sih, kok tidak mau dibayar?*  
 MT: *Sudahlah, anggap saja sebagai terima kasih, kemarin sudah menolongku.*  
 Konteks: *Ketika di warung, penutur dilarang untuk membayar kopinya.*  
 (UPT-JKL-SES → UPT-JKL-SED / KAK-warung-tidak resmi).

Dhata (9) dumadi saka panuture golongan umure tuwa, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKL-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, lanang, lan status ekonomine dhuwur (UPT-JKL-SED). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi kanca akrab (KAK). Tindak tutur kasebut katindakake ing kanthi kahanane resmi.

Konteks ing dhata (9) yaiku nalika marung, panutur dipenging supaya kopine ora dibayar. Adate wong tetukon ing warung kuwi yen sawise mangan utawa ngombe mesthi takon marang bakule, pira mbayare. Kaya tuladha dhata (9) ing ndhuwur kuwi mau, panutur takon "*Mas, kopi karo es teh. Pira?*". Dideleng wujude pitakonan kang takon pira, pira ing kene ora tumuju marang pira akehe cacahe. Nanging yen dideleng maneh saka konteks sadurunge kang nyethakake yen ta omongan omongan kuwi manggon ana ing warung, yen ana pitakonan pira ateges kang ditakokake yaiku pira regane kang kudu dibayar.

Mitra tutur banjur nampik pitakone panutur kang nakoni pira regane kopi lan es teh, amarga mitra tutur rumangsa nduweni utang budi marang panutur jalaran wis ditulungi. Panampike mitra tutur kang ora gelem dibayari kuwi nuduhake nampik kanthi wantah lan mujudake tindak tutur ilokusi. Panutur kang rumangsa ora kepenak, jalaran kopi lan es tehe ora gelem dibayar uga tetep nggenahake marang mitra tuture, ngapa kok ora gelem dibayari. Relasi kang akrab utawa kanca akrab ora ndadekake panutur ora mbayar anggone wis marung. Saliyane kuwi uga basa sing dinggo nalika omongan omongan ing antarane rong paraga ing dhata (9) ndhuwur mau uga mung basa ngoko wae, senajan umure luwih tuwa mitra tutur sithik.

Tuturan (9) kasebut mitra tutur nampa panampik kanthi cara wantah amarga panutur anggone medharake nampik kanthi blaka lan cetha. Anane medharake nampik kanthi blaka lan cetha yaiku ndadekake mitra tutur ngerten kanthi wantah menawa panutur kasebut nampik nalika wedange ora prelu dibayar.

- (10) P : *Pak es tehe 2, es jeruke 1.*  
 MT: **Jeruke telas mbak.**  
 P : *Es teh sedaya mawon.*  
 Konteks: Pesen ngombe nalika mangan bakso.  
 (UPE-JKW-SES → UPT-JKL-SES / KKA-warung-ora resmi).

P : *Pak es tehe 2, es jeruknya 1.*  
 MT: *Jeruknya habis mbak.*  
 P : *Es teh semua saja.*  
 Konteks: *Pesan minuman ketika makan bakso.*  
 (UPE-JKW-SES → UPT-JKL-SES / KKA-warung-tidak resmi).

Dhata (10) dumadi saka panuture golongan umure enom, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, lanang, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi kanca kurang akrab (KKA). Tindak tutur kasebut katindakake ing warung kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (10) yaiku pesen ngombe nalika mangan bakso. Wis dadi lageyane wong sing tuku bakso mesthi uga pesen ombenan marang bakule. Panutur kang kandha kaya ing ukara mangkene, "*Pak es tehe 2, es jeruke 1*", nuduhake menawa ukara kasebut klebu ukara pawarta, jalaran menehi weruh marang bakule utawa mitra tutur yen panutur kepengin ngombe. Saliyane kuwi uga panutur nduweni maksud ngongkon marang mitra tutur supaya digawekake ombenan kaya sing dikandhakake kuwi mau. Mitra tutur kang nampik panutur kanthi kanthi wantah kandha yen ta jeruke entek.

Panampike mitra tutur kasebut klebu tindak tutur perllokusi. Panutur kang weruh yen ta ombenan sing dipesen yaiku es jeruke entek, mula dheweke ngrespon mitra tutur, menawa dheweke gelem wae yen ombenane kabeh dadi es teh. Panutur lan mitra tutur kang kurang akrab relasine wis lumrah, amarga ora tau sesrawungan bareng lan saka umure luwih tuwa mitra tutur tinimbang panutur, mula panutur anggone ngomong uga nganggo basa kang alus.

Tuturan (10) kasebut mitra tutur nampa panampik kanthi cara wantah amarga panutur anggone medharake nampik kanthi blaka lan cetha. Anane medharake nampik kanthi blaka lan cetha yaiku ndadekake mitra tutur ngerten apa maksude kanthi wantah, yen ta apa sing dipesen yaiku es jeruke kuwi entek.

## b. Tindak Tutur Nampik kang Ditampa Kanthi Entar

- (11) P : *Bu Rebi pun babaran, niki sanjange pun teng griya.*  
 MT: **Hlo, tirose sik teng griya sakit.**  
 P : *Niki wau jam 10nan pun wangsul.*  
 MT: *Iya.*  
 Konteks: Menehi weruh yen tanggane wis babaran.  
 (UPE-JKW-SES → UPT-JKW-SES / TGC-omah-ora resmi).
- P : *Bu Rebi sudah melahirkan, katanya sudah berada di rumah.*  
 MT: *Katanya masih di rumah sakit.*  
 P : *Ini tadi sekitar jam 10 sudah pulang.*  
 MT: *Iya.*

Konteks: Memberitahu jika tetangganya sudah melahirkan.  
(UPE-JKW-SES → UPW-JKL-SES / TGC-rumah-tidak resmi).

Dhata (11) kasebut dumadi saka panuture golongan umure enom, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPE-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKL-SES). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi kanca tangga cedhak (TGC). Tindak turur kasebut katindakake ing omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (11) yaiku menehi weruh yen tanggane wis babaran. Panutur kang ngabari utawa menehi weruh marang mitra tutur ngenani Bu Rebi sing wis babaran saiki wis ing omahe. Mitra tutur kang sadurunge krungu kabar yen ta Bu Rebi kuwi isih ing rumah sakit, mula nampik kandhane panutur kaya mangkene "*Hlo, tirose sik teng griya sakit*". Panutur kang kandhane ditampik kuwi mau banjur uga ngrespon mitra tutur kanthi nampik panemune mitra tutur yen ta dheweke uga lagi wae dikabari yen ta Bu Rebi wis ing omah.

Nampik kang wis diwedharake kuwi mau nuduhake yen ta klebu tindak turur ilokusi lan uga mujudake penangkep kang negatif. Umume panutur lan mitra tutur nduweni relasi kang akrab jalaran tangga cedhak, mulane panutur anggone omong-omongan klawan mitra tutur uga nganggo basa kang alus kaya normane ing masyarakat.

Tuturan (11) kasebut mitra tutur nampa panampik kanthi cara entar amarga panutur mung ngabari marang mitra tutur ngenani Bu Rebi sing wis babaran saiki wis ana ing omah wiwit jam 10. Saka kabar kuwi sejatine panutur kepengin ngajak mitra tuture supaya jagong bayi. Nanging sarehne mitra tutur ora tanggap marang apa karepe panutur, mula panampike panutur kang menehi weruh yen Bu Rebi wis ing omah wiwit jam 10 ditampa kanthi entar, amarga panutur ora nyethakake menawa dheweke kepengin ngajak mitra tutur jagong bayi.

- (12) P : Bu, njenengan njangan napa ngesop niki wau?  
MT: **Halah namung newel mawon.**  
P : Oh kula kinten sop.  
MT: Boten.  
Konteks: Takon tanggane ngenani apa sing dimasak.  
(UPT-JKW-SES → UPT-JKW-SED / TGC-latar omah-ora resmi).
- P : Bu, apakah anda memasak sayur sop tadi?  
MT: Hanya sayur nangka muda saja.  
P : Oh saya kira sayur sop  
MT: Tidak.  
Konteks: Menanyai tetangganya tentang apa yang dimasak.  
(UPT-JKW-SES → UPT-JKW-SED / TGC-halaman rumah-tidak resmi).

Dhata (12) kasebut dumadi saka panuture golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine sedhengan (UPT-JKW-SES). Mitra tuture saka golongan umure tuwa, wadon, lan status ekonomine dhuwur (UPT-JKW-SED). Saka rong paraga kasebut nduweni relasi tangga cedhak (TGC). Tindak turur kasebut katindakake ing latar omah kanthi kahanane ora resmi.

Konteks ing dhata (12) yaiku takon tanggane ngenani apa sing dimasak. Panutur nakoni mitra tuture ngenani apa sing dimasak dina kuwi, pitakonan kang kaya mangkono mau wis kerep diweruhi saben dina, mligine ing urip tetanggan. Panutur nakoni mitra tuture "*Bu, njenengan njangan napa ngesop niki wau?*" uga ngemu maksud liya, yaiku panutur kepengin njaluk jangane panutur sithik wae nanging ora kandha yen kepengin njaluk. Mula mitra tutur uga cukup mangsuli "*Halah namung newel mawon*". Wangsulane mitra tutur kasebut wis nuduhake menawa dheweke kuwi nampik pitakonane panutur mau sing miturute panutur dheweke masak sop.

Panampike mitra tutur kasebut mujudake penangkep kang negatif lan klebu tindak turur ilokusi. Saka relasi kang wis cetha yen ta ing antarane panutur lan mitra tutur nuduhake tangga cedhak mula katon akrab lan lumrah yen takon-takonan ngenani masak apa. Saliyane kuwi basa kang dinggo uga ora perlu basa kang alus, jalaran relasine kang akrab banget lan tangga cedhak.

Tuturan (12) kasebut mitra tutur nampa panampik kanthi cara entar amarga panutur mung nakoni mitra tutur ngenani apa masak sop. Mula mitra tutur uga cukup mangsuli yen ta dheweke njangan tewel ora ngesop. Sejatine panutur nduweni kekerepan utawa kepengin njaluk jangane mitra tutur sithik, nanging dheweke ora kandha yen kepengin njaluk jangan amarga sungkan marang mitra tutur. Mula saka kuwi mitra tutur nampa panampike panutur kanthi entar, jalaran ora tanggap marang apa karepe panutur sing satenane.

### Dhiskusi Panliten

Adhedhasar panliten ing ndhuwur ngenani tindak turur nampik, bisa dijilentrehake menawa tindak turur nampik ora mung bisa ditindakake dening mitra tutur wae, nanging uga bisa ditindakake dening panutur kaya dene kang ditindakake dening mitra tutur. Atages panutur uga bisa medharake nampik, jalaran panutur kuwi mau uga nuduhake respone saka penanggape mitra turur.

Tindak turur nampik kang diwedharake dening mitra tutur apa dene panutur kuwi kaya ing andharan ndhuwur mau mesthine nduweni alesan tartamtu, ora angger medharake nampik wae. Kang baku alesane medharake nampik yaiku ora gelem nampa, ora nrima marang bab kang ora salaras karo kahanane ati, pamikire,

panemune, lan pepenginane. Anggone medharake nampik, paraga-paraga kasebut nggunakake sawenehing strategi utawa cara kang mujudake nampik, kayata: (1) mado, (2) mantebake wong liya, (3) menehi alesan, (4) menehi katrangan, (5) menehi panemu, (6) menehi usul, (7) nakoni bali, (8) nawani, (9) ngelek-elek, (10) ngengkel, (11) ngganti topik omongan, (12) nggunakake tembung “dudu”, (13) nggunakake tembung “emoh”, (14) nggunakake tembung “matur nuwun”, (15) nggunakake tembung “njaluk seputra”, (16) nggunakake tembung “nuwun sewu”, (17) nggunakake tembung “ora”, (18) nggunakake tembung utawa ukara liya kang ngemu maksud nampik, (19) ngongkon, (20) ngrenahake, (21) njanjeni, (22) nyumanggakake, lan (23) selak. Dene bab kang ditampik saka andharan panliten iki yaiku: (1) alesan, (2) kabar, (3) komentar, (4) kongkonan, (5) pandakwa, (6) panemu, (7) pangajak, (8) panjaluk, (9) paweweh, (10) pepenginan, (11) pitakonan, (12) tawa, (13) tekane wong liya, lan (14) usulan.

Struktur sosial kang minangka landhesane konteks tindak turur ing panliten iki kang dumadi saka umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosiale panutur sarta mitra turur menehi pangaribawa tumrap tindak turur nampik. Panampik kang diwedharake kanthi langsung blaka paling akeh ditindakake dening paraga kang golongan umure enom, amarga yen ora kanthi langsung blaka, mesthi ndadekake mituture bingung nangkep apa maksud lan karepe panutur, lan kepara uga bisa ndadekake kleru tampa. Nampik kang diwedharake kanthi langsung samudana paling akeh ditindakake dening paraga kang golongan umure tuwa, amarga wong tuwa luwih seneng marang samudana, supaya ora gawe gelane wong liya kang dijak omong-omongan. Saliyane kuwi uga anggone medharake kanthi langsung samudana uga kanthi ora langsung mbelajari wong enom supaya luwih ngerti maksud utawa teges ing sasuwali. Nampik kang diwedharake kanthi ora langsung blaka kerep ditindakake dening paraga kang golongan umure tuwa, dene nampik kang diwedharake kanthi ora langsung samudana kerep ditindakake dening paraga kang uga golongan umure tuwa.

Relasi sosial kang uga dadi landhesane konteks ing tindak turur nampik, ing panliten iki dumadi saka sedulur, tangga, lan kanca menehi pangaribawa tumrap tindak turur nampik. Wong kang medharake panampik uga ndeleng sapa mitra tuture, tegese kudu ndeleng relasi ing antarane panutur lan mitra turur. Biyasane mligi ing babagan basa kang dinggo medharake nampik. Marang mitra turur kang relasine raket, kaya dene sedulur cedhak, tangga cedhak, lan kanca akrab kerep nganggo cara kang langsung lan samudana. Dene marang mitra turur kang relasine kurang raket kayata sedulur adoh, tangga adoh, lan kanca kang kurang akrab kerep nganggo cara kang

langsung lan blaka, supaya ora ndadekake salah utawa kleru tampa.

Saka andharan ing ndhuwur kuwi mau bisa didudut menawa sawenehing basa kang dinggo dening panutur lan mitra turur ing tindak turur nampik ing panliten iki uga beda-beda adhedasar struktur sosial lan relasi sosiale. Bocah anggone ngomong kerep nganggo basa ngoko, beda menahe klawan wong enom kang kudu basa krama utawa basa kang alus marang wong kang luwih tuwa. Dene wong tuwa uga beda, ndeleng ing ngendi papan panggonane cecaturan, klawan sapa, lan kepriye sikone. Semono uga jinise kelamin lanang luwih kerep nampik kanthi blaka, tinimbang wong wadon kang luwih seneng nganggo cara kang samudana. Status ekonomi sosial kang endhek, sedhengan, lan dhuwur uga beda-beda anggone nganggo cara medharake nampik, gumantung saka kahanane tuturan. Basa kang ngrakit ukara bisa ndadekake maksud kang dikarepake bisa gampang ditangkep kanthi basa kang wantah, lan suwali kang bisa uga angel ditangkep yen kanthi basa kang entar. Lan pungkasane, penganggone basa ing tindak turur kasebut kudu adhedhasar fungsi lan situasi.

## E. PANUTUP

### 1. Dudutan

Adhedasar saka andharan kang wis diandharake lan dijentrehake ing bab IV mau, mula saka panliten bisa diweruhi menawa jinise tindak turur nampik basa Jawa ing Desa Desa Ringinpitu Kec. Kedungwaru Kab. Tulungagung adhedhasar lageyane panutur iki ana 4 jinis, yaiku: tindak turur nampik kanthi cara langsung blaka, tindak turur nampik kanthi cara langsung samudana, tindak turur nampik kanthi cara ora langsung blaka, lan tindak turur nampik kanthi cara ora langsung samudana. Dene adhedhasar penanggape mitra turur ana loro, yaiku: tindak turur nampik kang ditampa kanthi wantah lan tindak turur nampik kang ditampa kanthi entar.

Struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial ndayani marang wujud utawa jinise tindak turur nampik. Struktur sosial kang kawangun saka umur, jinis kelamin, status ekonomi sosial, lan tataran taqwa ing antarane panutur lan mitra turur uga njalari anggone medharake nampik kanthi cara kang beda. Wong kang umure isih bocah lane nom akeh-akeh anggone medharake nampik kanthi cara blaka, dene kang umure tuwa anggone medharake nampik kanthi cara samudana. Nanging uga kudu digatekake, anggone medharake nampik kanthi cara samudana kuwi mau uga gumantung saka kahanan ing sakiwa tengene utawa ndeleng konteke. Semono uga wong wadon luwih seneng nggunakake samudana tinimbang wong lanang kang luwih seneng kanthi cara blaka. Dene status ekonomi sosiale kang endhek mesthi akeh-akehe blaka anggone medharake nampik, tinimbang

status ekonomi sosiale kang sedhengan lan dhuwur kang kerep nggunakake samudana.

Relasi sosial kang kawangun saka paseduluran, tangga, lan kanca uga mesthi beda anggone medharake nampik. Pawongan nduweni relasi kang raket luwih kerep nggunakake blaka, nanging uga ana kang samudana gumantung saka konteke. Semono uga kang relasine ora raket saya akeh banget nggunakake cara kang blaka. Norma sosial kang ana ing Desa Ringinpitu, Kecamatan Kedungwaru, Kabupaten Tulungagung uga menehi pangaribawa tumrap tindak turur nampik. Anggone medharake nampik marang wong kang tuladhané luwih tuwa saka awake dhewe, amarga kaiket norma sosiale ing masyarakat kasebut yaiku subasita utawa unggah-ungguh mula anggone nampik uga nganggo cara kang alus.

Saka andharan ing ndhuwur, ing panliten iki bisa didudut menawa tindak turur nampik kang paling *efektif* yaiku medharake nampik kanthi nggunakake cara langsung, samudana, lan basane alus sarta cetha. Amarga saya akeh pawongan anggone medharake nampik kanthi nggunakake cara kang samudana, mula bisa disa diarani yen pawongan kuwi saya dhuwur kesopanane.

## 2. Pamrayoga

Panliten ngenani tindak turur nampik adhedhasar lageyane panutur lan ahdedhasar penanggape mitra turur kang kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial iki isih durung cetha lan gamblang anggone nliti. Dhata kang kurang jangkep lan bab liya njalari panliten iki isih rumangsa akeh kakurangane. Panliti kanthi sadhar yen pnltien iki akeh kurange, mula saka kuwi panliten ngenani tindak turur nampik isih prelu dirembakake lan ditliti kanthi jeru lan rowa, amrih bisa ndadekake sampurna.

## KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 1990. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa
- Austin, Jhon L. 1962. *How to Do Things with Word*. Cambridge, Mass: Harvard University Press
- Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Brown, Penelope lan S. C. Levionson. 1978. *Politeness: Some Universal in Language Usage*. Cambridge: Cambridge University Press
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Darmawati. 2002. "Tindak Turur Ngrasani Di Pasar Tradisional Caruban (Kajian Analisis Wacana)". (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Ditya, Hendrik Wahyu. 2010. "Tindak Turur Nyemoni Ing Masyarakat Jawa Kecamatan Pare Kabupaten Kediri (Kajian Sosiopragmatik)". (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Ernawati, Tri Endah. 2008. "Kalimat Ingkar dalam Tindak Turur Orang Jawa". (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Depdikbud Dirjend Dikti Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Gunarwan, Asim. 1994. "Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta: Kajian Sosiopragmatik" dalam PELLBA 7. Jakarta: Lembaga Bahasa Unika Atmajaya Press
- Gunarwan, Asim. 2004. "Dari Pragmatik ke Pengajaran Bahasa" dalam *Seminar Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah*. (Makalah). Singaraja: IKIP Singaraja
- Gunarwan, Asim. 2007. *Pragmatik Teori dan Kajian Nusantara*. Jakarta: Universitas Atmajaya
- Horn, Laurence R. and Gregory Ward. 2006. *The Handbook of Pragmatics*. Blackwell Publishing Ltd (Ed)
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Turur*. Surabaya: Usaha Nasional

- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta: UI Press (Dijarwakake dening M.D.D Oka)
- Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Oka, I Gusti Ngurah lan Basuki. 1990. *Retorika Kiat Bertutur*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh
- Poedjosoedarma, Soepomo dkk. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof-Kolff N.V
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Purnamawati, Agustina. 2011. "Tindak Tutur Nylathu Basa Jawa ing Masyarakat Kembangbaru Kabupaten Lamongan". (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Rahardi, R. Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga
- Schiffrin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Setyawan, Deni Eko. 2012. "Tindak Tutur Ngongkon". (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Sudaryanto. 1990. *Aneka Konsep Kedataan Dalam Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press (Ed)
- Sumarsono. 2008. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda Pustaka Pelajar
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset
- Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Dijarwakake dening Rombe Mustajab)

